

Vin patisipe nan yon aktivite sou admisyon nan lekòl segondè!

Chè fanmi,

Otòn sa a, pitit ou a pral nan klas 8yèm ane epi li pral kòmanse aplike nan lekòl segondè. Pou ede w prepare, nou kontan envite w nan yon sesyon enfòmasyon vityèl andirèk pou jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan lekòl segondè! Nou pral pataje tout enfòmasyon debaz sou aplikasyon pou lekòl segondè otòn sa a epi nou pral ofri konsèy k ap itil sou kòman ou ka kòmanse prepare pandan ete a.

Chak aktivite ap bay menm enfòmasyon an, donk ou pa bezwen ale nan toulede aktivite yo. Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

- **Madi 9 jiyè, 6pm pou 7pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè ak nan Langaj an siy ak jès pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL).
Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, Bangla, ak Panyòl.
- **Mèkredi 17 jiyè, 5pm pou 6pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè ak nan Langaj an siy ak jès pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL).
Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (Mandaren), Ris ak Oudou.

Kòman pou patisipe:

Chak aktivite ap fèt andirèk (live). Vin patisipe avèk nou sou Zoom nan lè sesyon an ap kòmanse a, lè w klike sou <https://bit.ly/July2024HSEvents>.

- ID Webinar: 973 5643 8847
- Modpas: 123456
 - Pou odyo nan telefòn:
 - US +16469313860
 - Liy konferans: 97356438847#
 - Modpas: 123456#
- **REMAK ENPÒTAN: ale sou schools.nyc.gov/HS** epi klike sou *Patisipe nan sesyon enfòmasyon sou admisyon pou elèv lekòl segondè ki pral lekòl an septanm 2025 (For Students Entering High School in September 2025)* avan aktivite a kote w ap jwenn nimewo telefòn pou rele pou mande entèprèt nan chak lang.

N ap kontan wè w patisipe!

Ekip admisyon lekòl segondè a
Biwo enskripsyon elèv



Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w [mete non w sou lis imèl](#) lekòl segondè nou an.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan youn oswa nan okenn lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis.